



Pou Piblikasyon Imedya: 17/06/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TWAZYÈM TOU MOUN KI GENYEN TIRAJ
MOTIVASYON 'PRAN YON VAKSEN POU BATI AVNI OU'**

***Gayan yo pral resevwa bous detid konplè pou yon kolèj oswa inivèsite SUNY
oswa CUNY***

***Tout moun 12 a 17 tan ki vaksinen nan Eta New York kalifye pou tiraj la; Twa tiraj
anplis nan semèn k ap vini yo***

Enskri pou tiraj k ap vini yo [Isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a twazyèm tou moun ki genyen tiraj motivasyon "Pran yon vaksen pou bati avni ou (Get A Shot to Make Your Future)' pou yon bousdetid konplè nan lekòl SUNY oswa CUNY. Gayan yo resevwa yon bousdetid konplè nan nenpòt kolèj piblik oswa inivèsite, New York ki genyen ladan ekolaj, lojman ak pansyon. Eta New York ap administre tiraj osò a epi chwazi 10 ganyan nan yon semèn pandan senk semèn. Gen twa tiraj ki rete apre semèn sa. Depi yon moun 12 a 17 tan te pran premye dòz vaksen COVID-19 la, yon paran oswa responsab legal ka enskri yo pou tiraj k ap vini yo [isit la](#). Yo pral itilize fon sansibilizasyon ak sekou Federal pou COVID-19 pou kouvri depans pwogram ankourajman vaksinasyon sa a.

Vaksen an se meyè zam nou genyen kont viris COVID la epi byenke nou rive nan yon pousantaj 70 pousan vaksinasyon, nou toujou gen travay pou fè pou vaksinen chak grenn Nouyòkè," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouyòkè ki pi jèn yo toujou gen to vaksinasyon ki pi ba nan Eta a, epi motivasyon sa ofri moun 12 a 17 tan yo yon opòtinite inik pou bati avni yo kòm echanj pou fè aksyon pou pwoteje tèt yo ak pwòch yo. Felisitasyon epi mèsi a gayan twazyèm tou yo - ou te rann kominote w yo yon gran sèvis."

Ganyan twazyèm tou yo se:

- Kelly Moscoso-Yanes, Konte Nassau, NY
- Victoria Romero, Konte Nassau, NY
- Niaja Land, Brooklyn, NY
- Jordan Gallusser, Konte Otsego, NY
- Emily Brodsky, Konte Suffolk, NY
- Nicholas Keirstead, Konte Monroe, NY
- Brian Hoffman, Konte Erie, NY
- Aleksander Sosa, Konte Suffolk, NY

- Madison Pennington, Konte Erie, NY
- Ryan Hsu, Queens, NY

Prezidan Inivèsite SUNY an, Jim Malatras, te deklare, "Nouyòkè yo te fè pwogrè ekstraòdinè pou mete fen nan pandemi sa lè yo vaksinen. Men nou dwe kontinye ede popilasyon ki pi jèn yo pou wè benefis pou yo vaksinen tou—tiraj 'Pran yon vaksen pou bati avni ou' se yon bon mwayen pou ede nou reyalize objektif sa. Mwen felisite gayan twazyèm tou yo k ap resevwa yon bousdetid epi nou akeyi yo nan fanmi SUNY. Avèk bous detid sa, y ap gen aksè nan anpil opòtinite ak edikasyon bon jan kalite k ap prepare yo pou siksè."

Rektè CUNY an, Félix V. Matos Rodríguez te deklare: "Felisitasyon epi mèsè a dènye gayan yo paske yo fè pati pa yo pou ede akselere rekipasyon apre pandemi tèrib sa. Edikasyon an ap entegral pou repriz New York, epi pa t janm gen yon pi bon moman pou antre nan yon inivèsite CUNY epi kòmanse bati konpetans ki nesèsè pou rejwenn mendèv rejyon an epi ede rekonstui pi byen."

Prezidan Kòporasyon Sèvis Ansèyman Siperyè Eta New York la, Dr. Guillermo Linares, te deklare, "Felisitasyon a gayan twazyèm semèn yo nan tiraj motivasyon pou Bousdetid 'Pran yon Vaksen pou Bati Avni ou!' Avèk tiraj la ki sou twazyèm semèn li, n ap kontinye wè yon ogmantasyon nan kantite moun 12 - 17 an k ap vaksinen pandan to enfeksyon yo ap bese atravè eta nou an. Vaksinen tout Nouyòkè, ki enkli jèn moun nou yo, se mwayen ki enfayib pou kontre viris sa epi ede fè New York retounen nan nouvo nòmali."

Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York ak Kòporasyon Sèvis Ansèyman Siperyè (Higher Education Services Corporation) Eta New York te verifye estati vaksinasyon gayan yo.

Gayan yo ap resevwa jiska kat ane etid premye sik tan plen ki enkli eleman sa yo:

- Frè Ansèyman yo: Yon kantite lajan ki egal ak ekolaj nan tarif ekolaj eta a nan State oswa City University of New York
- Depans ki Pa Pou Frè Ansèyman yo: Chanm ak lokasyon ak sibvansyon pou frè, liv, materyèl ak pou transpò jiska kantite depans an mwayèn nan inivèsite SUNY oswa CUNY yo.

Gen plis enfòmasyon sou kote pou resevwa vaksen COVID-19 la, oswa pou pwograme yon randevou, ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)